

Volontarya

Travay yon volontè – yon sitwayen angaje. Aktivite ki pote lavi pandan tout lavi.

Sa li ye? Yon bagay ki pa oblije fèt, men ki fè sans, bay espwa, fè moun moun tout bon vre. Ou jwenn volontarya nan solidarite. Moun k ap ede ak moun l ap sèvi a kote li ye a. Malgre pa gen obligasyon men gen règleman. Yon angajman pou travay ak lòt pou yo reyalize yon travay/pwojè.

Poukisa yon moun fè volontarya? Poukisa li enpòtan pou yon moun fè sa malgre yon moun pa touche senk kòb. Volontarya pote pwòp satisfaksyon pa li.

1. Pou fè amelyorasyon nan kominote yo.
 2. Pou yo remèt sa yo te resevwa (rekonesans).
 3. Pou ede moun ki nan bezwen.
 4. Pou fè bagay mache pi byen.
 5. Pou rankontre lòt moun.
 6. Pou bay espwa.
 7. Remonte Lespri kretyen vivan.
-
1. Yon bon rezon pou volontè pou amelyore kominote ou: youn w ap ede tèt ou, fanmi w, zanmi w. Li ka se ede netwaye legliz, òganizasyon kominotè a, katye a. Li ka se plante pou anpeche erozyon osnon fè kote a bèl.
 2. Pou nou montre gratitud nou, nou bay tan: ede granmoun nan katye a, li nan lekòl pou timoun. Yon atlèt ka montre spò l ap pratike a jenn moun. Yon moun ki konn fè biznis byen ka bay kou pou moun aprann dirije pwòp biznis pa yo.
 3. Lè gen kalamite osnon pwoblèm moun bezwen sekou. Gen gwoup gouvènmantral ki responsibilite pou sa. Lè moun mete men travay la vin pi fasil. Gen moun kap viv dan kondisyon ki pa nòmal pou kreyten vivan. Pou fè sa pa gen lajan, men li pote kè kontan.
 4. Lè moun mete tèt ansanm travay la vin pi fasil pou li fèt. Kèlkeswa travay, diferan ekspètiz, fè travay la valse.
 5. Lè ou fè volontarya ou pa grenn sèk, gen lòt moun tou. Ou ka fè zanmi ak yo e ou aprann viv ak yo tou.
 6. Lè yon moun gen pwoblèm, li wè lòt moun antoure l ap ede l sa ba li espwa.
 7. Lè ou bay koudmen san enterè san fè wè ak yon kè sensè, ou vin gen kè kontan.

Volontarya ede yon moun grandi spirityèlman e emosyonèlman. Sa bay moun w ap ede a espwa, soulajman ak kè kontan. Se pa yon eksperyans yon moun ka achte osnon peye.

Pou moun ki kretyen e ki swiv Kris li pran plis vale. Nan Lik 4, lè Jezi rantre nan tanp Jerizalèm la yo ba li liv lapawòl la li li: *“Lespri Granmèt la poze sou mwenn li voye mwenn...”* Li ban nou bi misyon li. Si nou menm nou di n ap swiv Li, se pou nou gen menm misyon ak li. Lan Matye 28, nou tande sou ki kritè Bondye pral jije moun. Lè mwenn te grangou nou te bann manje, lè mwenn te swaf nou banm bwè....

Ki kalite volonte genyen:

1. Pasyon. Se pou renmen anpil sa w ap fè a. Se pou kwè sa w ap fè konsekan pou òganizasyon ki onèt e sense lan travay yo pwomèt la.
2. Angaje: Pou nou pote yon diferans lan sa n ap fè a se pou nou pran angajman pou nou travay.
3. Yon atitid pozitif. Si ou pa travay la ak kè kontan pito ou pa fè l. Si se bala w ap bale osnon chaje yon kamyon se pou ou fè l ak tout bon vòlwa w.
4. Konte sou ou. Sa enpòtan anpil sitou nan pou òganizasyon kominotè. Se pou gen garanti ak konfyans nan volontè a.
5. Ponktyalite. Pou la alè ou di w ap la a.

Se pou volontè a fidèl a sa li pwomèt. Lè yon moun jwenn yon bon volontè se pou li apresye s al fè, se pou li respekte l. Si li bezwen yon eksperyans se pou li jwenn sipò ak fòmasyon nesèsè pou li fè travay yo mande yo fè a.

Oganizasyon ki bezwen volontè fèt pou poze tèt yo kesyon sa yo:

- Poukisa nou bezwen volontè?
 - òganizasyon kwè nan sèvis volontè
 - volontè yo ede w fè travay la vanse
 - volontè yo pote yon ekspètiz, yon talan ki patikilye
- Ki wòl yo pral jwe (wòl parapò ak anplwaye)
- Ki travay ak responsibilite n ap ba yo nan òganizasyon an?
 - se pou yo ta gen lis travay
- Kisa n ap ofri volontè sa a?

Se kesyon pou nou reponn pou gide nou jwenn volontè, travay ak yo e ede yo ba òganizasyon ak tèt yo satisfaksyon.

Kijan volontè ede òganizasyon ekzekite objektif li?

Ki wòl yo nan: model sèvis ki bezwen anpil volontè

wòl sipò nan yon òganizasyon

modèl manm/aktivis – yo patisipe pou kòz la

modèl koperasyon- anplwaye ak volontè travay ansanm – yo idantifye ak travay òganizasyon an.

Li nesèsè pou dirije/jere volontè

Li enpòtan pou òganizasyon gen règleman ak konstitisyon. Se pou ou konnen sa ki motive volontè yo, sa wòl yo ye, kisa yo bezwen konnen, kijan pou yo travay ak lòt moun pou reyalize bi òganizasyon, ki moun ki pou ba yo sipò, e yo resewa apresiyasyon pou kontribisyon yo fè. Pou volontè kontinye pwodwi nan yon òganizasyon se pou yo jwenn satisfaksyon.

Stephen Covey ki ekri yon liv:* The 7 Habits of Highly Effective People ekri: “Se pou nou gen nan lespr n yon lide klè kote nou vle rive. Anvan nou derape se pou n konnen si kote nou ye a kapab pèmèt nou pran bon chimen pou kote nou vle rive. Se pou nou derape sou bon pye.”

Lide sa li prezante a chita sou prensip tout bagay kreye 2 fwa:

- an premye nan tèt nou
- an dezyèm fizikman”.

Pou bati yon kay ou kreye tout aspè li anvan ou kòmanse kloure klou. Pou ale an vwayaj ou deside ki kote ou prale anvan ou chwazi pi bon chimen pou rive la. Yon lòt pwen pou nou soulve: se pou gen direksyon (lidèship) anvan jestyon (management)'. (nou gen dwa gen yon tè pou defriche, konbit la byen òganize, tout moun ap travay alè ak bon jan disiplin men nou fè travay pou yon propriyetè ki pat mèt konbit la.”

Men yon pawòl labib ki ede nou sou lide sa a:

“Gen divès kalite travay nan sèvis la, men se yon sèl Bondye ki bay chak moun travay pa yo nan tout sèvis kap fèt. Lespri Bondye a fè travay li yon jan nan lavi chak moun men li fè l pou byen tout moun.”

Se pou volontè gen **K O D** lakay yo pou yo gen siksè nan sa y ap fè:

K ominikasyon –endividyèl osnon group fèt pou klè ak efektif ;

Tande trè enpòtan

O ganizasyon – mande planifikasyon, enplemantasyon,
ak kontinye

D isiplin –respè yon pou lòt, rete nan bi group la ak motivasyon,
angaje, responsabilite